




Pou sèten imigran, U.S. Citizenship and Immigration Services (“USCIS”) va konsidere eske yon imigran gen anpil chans pou li ka bezwen èd leta lè yap egzamine demand imigran-an pou viza ou kat rezidans. Moun yo konsidere « public charge » se moun ki ka bezwen èd leta pou yon bon ti tan. Si USCIS detèmine gen anpil chans pou yon imigran vin « public charge », li gen dwa refize imigran-an antre nan Etazini oubyen aplikasyon-l pou kat rezidans.

Administrasyon Trump lan fèk mete deyò nouvo règleman ki chanje definisyon « public charge » yon jan ki pwal fè plis moun bare pou antre oubyen jwenn kat rezidans. Nouvo règleman va konmanse 15 Oktòb 2019 amwens ke aksyon nan tribinal rete yo ou byen bay delè. Li enpòtan pou imigran konprann si nouvo règleman sa yo gen efè sou yo.

“Catholic Migration Services ta renmen enfòme kominote imigran ke nouvo règleman pou “public charge” pa vle di tout moun pou sispann resevwa asistans yo bezwen pou fanmi yo. Kidonk anvan w soti nan nenpòt asistans w ap resevwa kounye-a, nou ankouraje-w pale ak yon avoka imigrasyon ou ka fè konfyans.”

Nouvo Règleman – Pou kilès li aplike:



Si nouvo règleman gen efè sou sou, USCIS ka konte kont ou si ou te sèvi ak okenn nan benefis nan lis apre-a pou yon bon ti tan: « Supplemental Security Income » (SSI), « Temporary Assistance to Needy Families » (TANF), asistans jeneral eta-a, pwogram Medicaid pou swen manch long, Medicaid pa pou ijans, Supplemental Nutrition and Assistance Program (SNAP), yo te konn rele-l “food stamps”), “Section 8 Housing Choice Voucher Program”, “Section 8 Project-Based Rental Assistance”, ak kay leta.

Gouvènman pap konsidere resepsyon benefis ki swiv nan detèminasyon « public charge »: asistans medical ijans, èd nan dezaz, pwogram manje nan lekòl, “foster care” ou adopsyon, “Head Start”, “Child Health Insurance Program (CHIP)”, “WIC”, “Earned Income Tax Credit” ou byen “Child Tax Credit”.

Pou asistans gratis

Tout imigran ki ka aplike pou yon benefis imigrasyon pi devan bezwen chèche konsèy si resevwa benefis piblik ka gen efè sou abilitè pou yo aplike pou benefis sa pi devan. Pou asistans gratis, rele “New Americans Hotline” nan 1-800-566-7636 ant 9 è maten ak 5 è apre-midi, Lendi pou Vandredi.

Catholic Migration Services se yon ajans afilye Catholic Charities Brooklyn and Queens.

Catholic Migration Services nan adrès sa:

Brooklyn Office
191 Joralemon St., 4th Fl.
Brooklyn, NY 11201
(718) 236-3000

Queens Office
47-01 Queens Blvd., Ste. 203
Sunnyside, NY 11104
(347) 472-3500

Pou plis enfòmasyon vizite sit entènèt nou www.catholicmigration.org